No. 16. 17 Mei 1929 Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:

1 taoen . . . . f 7,50 } njoewoen kabajar roemijin.
1/2 „ . . . . f 3,75 }

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**:

XAVERIUS - COLLEGE
MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

PRADJA RAHAJOE.

Demokrasi lan Demokrasi Katholiek.

Rèhné samangké wonten ing pirembagan temboeng „DEMOKRASI (democratie)" saweg kerep kasrambah, kaparenga oedoe sekedik, ngatoeraken: poenapa tegesipoen, lan poenapa ngesipoen, menawi wonten temboeng kagandèng kalijan temboeng demokrasi (oep.: Democratisch Bestuur, democratisch stelsel, democratische beweging lsp.)

Sakawit „DEMOKRASI" poenika kosok - wangsoelipoen „MONARCHIE" lan „ARISTOCRATIE". Déné Monarchie poenika pangerèh kadadosan saking tijang satoenggal, kados pangerèhing para nata djaman roemijin, tanpa parlement; aristocratie poenika pangerèh kadadosan saking para darah; wangsoel democratie, poenika pangerèh, ingkang katindakaken déning soesoelihipoen tijang alit. Mila wonten ing demokrasi ngrikoe pangerèh kénging katemboengaken „katjepeng déning tijang alit", oetawi ingkang ngerèh-negari tijang alit. Doemoegi samanten „demokrasi" mligi teges politiek, amargi lèsaning rembag „pangerèhing pradja".

Teges politiek waoe ing béndjingipoen mroengsoengi, dados soeraos: *pangarah dateng ratjak;* artosipoen: sadaja bawahing negari oetawi poeradjana, ingkang oegi nama tijang-alit, menggahing wewenang, pengajomaning angger, saged lan kénginginipoen dados prijantoening negari, paos, goegoer-goenoeng lansp. kedah kadamel sami, Nanging saminipoen tijang alit kalijan ingkang wonten ing nginggil poenika ateges: tijang alit minggah dradjadipoen; mila demokrasi oegi wonten ingkang nemboengaken makaten (De Grijse): demokrasi ikoe:

a.) koemoedoe-koedoe lan, penggajoehing poeradjana marang madjoening ekonomi lan politieké;

b.) poeradjana, kang kadoenoengan pepénginan lan penggajoeh kaja kang mentas kaseboet ikoe;

c.) pernatan-pernatan ekonomi lan politiek (programs), kang kadadéjané saka pepénginan lan penggajoeh loro ikoe maoe;

d.) kabèh partij, kang ngetog karosan enggoné arep njandak perkara loro maoe;

e.) goenggoeng-koempoeling a), b), c), d), lan e).

Poenika tjekak teges lan ngesing temboeng demokrasi. La CHRISTELIJKE DEMOCRATIE" oetawi „Demokrasi Katholiek" poenika poenapa?

Demokrasi Katholiek poenika manoet ngendika dalem K. S. Bapa Leo XIII boten sanès, kedjawi pangoedi-daja, ingkang adamel rahadjenging bangsa, langkoeng-langkoeng kaoem miskin, toemindak manoet anggering kodrat, poenapa malih anggering Kitab Soetji. Pramila, rèhné anggering kodrat lan anggering Kitab Soetji poenika boten toemoet éwah-gingsiring barang kamanoengsan, pamboedi-daja (Demokrasi Katholiek) waoe boten kénging goemantoeng saking woedjoeding pangerèh; woedjoeding pangerèh kadjengipoen: ingkang ambawahaken ratoe, poenapa présidèn, poenapa nata kalijan kamer (parlement) lan Demokrasi Katholiek kedah tansah saged lelajanan kalijan sadaja pangerèh, waton boten tjengkah kalijan kasoesilan toewin adil. Mila tjeta, Demokrasi Katholiek boten kénging ilon-ilonen dateng salah-satoenggiling *partij ingkang amboedi-daja badé bibrah pangerèh, badé mangoen pangerèh énggal.*

Pitakénan wigatos inggih poenika: „Poenapa Demokrasi Katholiek ingkang Sinoewoen K. S. Bapa ngawisi toemoet ngrembag politiek?" Boten babar pisan!

Sebabipoen tjeta, djalaran:

1.) actie Katholiek poenika actie ingkang adamel rahadjenging bangsa, dedasar anggering kodrat lan anggering Kitab Soetji. Mangka sinten saged nedahaken bilih toemoet ngrèmbag politiek poenika tjengkah lan anggering kodrat toewin anggering Kitab Soetji?

2.) wonten ing nawala dalem „Graves de communi re" K.S.B. Leo XIII boten nglilani kita ngoedi dateng *volksregeering* (demokrasi politiek) atas namaning Demokrasi Katholiek, BOTEN NGAWISI NGREMBAG PRAKAWIS POLITIEK LIMRAH-LIMRAH ingkang dados rembag sawantji-wantji. Arthur Verhaegen in Belgi lan Lueger ing Oostenrijk sami pikantoek pangalembana saking ingkang Sinoewoen, margi migoenakaken actie sosial kanggé kapolitiekan lan doemadosipoen angger prakawis sosial. Ingkang WANTER DIPOENAWISI poenika: ACTIE SATJARANING KAOEM PAMBRONTAK, ingkang NGANGGÉ RODA PARIPEKSA, badé NGAWONTENAKEN PANGERÈH SANÈS. Dados kénging kita toemoet ngrembag politiek nanging tradjang REVOLUTIONAIR kita babar pisan BOTEN KÉNGING.

3.) Osservatore Catholico 2 Febr. 1904, ngemot:

„Pepatjoeh. kang nglarangi wong-wong pada njoekoepi boetoehing partij sarana ngajomi wong tjilik, ora ateges: Demokrasi Katholiek ora kena molitiek, sebab ing kono (ing demokrasi ngrikoe. H.S.) politiek ora nggepok MOLAH - MALIHING PANGERÈH. Moelané pangoedi-dajané Demokrasi K. sarana mèloe andon politiek moerih owah (oetawi wontenipoen H. S.) angger, kang tjotjog lan programé (Dem.K.H.S.) ora langkah ing garis".

Nanging poenapa saben organisatie sosial ladjeng kénging andon politiek sakadjengipoen? Boten babar pisan. Djalaran, senadjan ingkang Sinoewoen K. S. Bapa Leo XIII, lan K. S. Bapa Pius X boten andawahaken pepoetoesan prakawis poenika, nanging K. S. Bapa kalih-kalihipoen njebar nawala dateng para Biskop, ndikakaken sami mernata lan noetoen Demokrasi Katholiek ing ka-Biskopanipoen pijambak-pijambak. MILA SADAJA TINDAK KITA SOSIAL lan POLITIEK KEDAH SAROEDJOEK KALIJAN KERSA DALEM KANGDJENG BISKOP, ingkang ambawahaken kita sadaja.

H. Soewanda.

Noesoeli sega wadang.

(Hercules).

Lega raosing manah koela, maos oesoel Harjadèn bab Priesterfonds; djer ngèngeti genging kabetahanipoen, kados déné poenapa ingkang sampoen kaandaraken ing saoedara J. O. J. Wardana. Saoedara sapinten aosing imam tijang siti koela wangsoeli sapisan engkas, ageng lan katah sanget: „De Inlandsche Priesters, als ze eenmaal terdege door de missionarissen gevormd zijn, worden uitstekende apostelen en bewijzen aan de kerk ongelooflijk veel dienst. Zij zijn in zekeren zin onmisbaar, want zij verstaan de taal beter dan de missionarissen, hebben een beteren kijk op de gebruiken en manieren, den gedachtengang, de voordeelen, het streven en de g e b r e k e n v a n h u n e i g e n. v o l k. (Imam priboemi, jèn kebenaran pambabaré, pada dadi Rasoel pinoendjoel, lan loepoet tjinatoer djasané marang Pasamoean Soetji. Ora adoh karo njatané, jèn katemboengna: Imam priboemi koedoe ana, awit Imam-Imam ikoe loewih ngerti basané tinimbang para Missionaris, loewih damang moenggoehing adat lan tata-tjara, pikiran, malik lan gagajoehané, apa déné tjatjad tjirining bangsané)". Makaten pangandikanipoen ingkang minoelja Mgr. M. G. Vuylsteeke Apostolisch Vicaris ing Curacao wonten ing serat: „De bekeering der heidenwereld." Saoedara, poenapa ta toedjoe kita wonten ing donja? Pedjah gesang begdja tjilaka kita, sapérangan ageng doemoenoeng ing Imam!! Kados boten perloe koela atoeraken pandjang - pandjang, sampoen tjeta sanget. Imam poenika tetangsoeling tetijang R.K., pangèning tijang R.K. Tijang Katholiek kontjatan Imam, saminipoen sapoe ilang soehé morat-marit, gampil katjepeng ing tanganing mengsah; mengsah mengsahing soekma ingkang saklangkoeng djoelig toer sija sanget. Kadang kita Katholiek, koela atoeri menggalih, para missionarissen kersa atilar tanah woetah rah, kadang-warga, ngoerbanaken soegengipoen, namoeng mligi badé mitoeloengi, ngentas bangsa kita saking katjintrakan rohani, dipoenlabeti kados mekaten, poenapa kita tijang Djawi, boten ladjeng kedah énggal toemoet toemandang, tjantoet tali wanda, sokoer bagé . . . . ? Ing wekdal mangké wekdal moebal-moebaling Nationalisme, nedja ndjoendjoeng dradjading bangsa, tanah woetah rah kita!! Katholiek Nationalisme boten namoeng doemoegi samanten idam-idamanipoen; nanging gadah idam-idaman ingkang langkoeng loehoer malih i.p. ndjoendjoeng dradjad karohanèning bangsa kita (innerlijke waarde). Mangga koela atoeri nandangi!! Bagoes! Saja énggal kadoegèn idam-idaman kita jèn tanah woetah-rah kita soegih Imam; saja rantjag malih soegih Imam priboemi. Sagedipoen makaten . . . . . mangga koela atoeri nolèh Priesterfonds l.s.p. Poenapa kita tijang Katholiek boten kersa katjowok . . . . . 1% kanggé kaperloeaning Prieterfonds? Ah, kesangeten! Koela atoeri mriksani kaactievaning sadèrèk sadjawining kalangan kita! P. G. B. ingkang warganipoen poeroen oeroen 1% blandja kanggé ngadjengaken onderwijs Indonesia, poenapa kita boten poeroen katjowok 1%-ning blandja, kanggé ngadjengaken onderwijs karohanèn kanggé bangsa kita, srana mbantoe Priester-fonds; kanggé Semerie-fonds, toemoet-toemoet ngragadi para Seminaristen, ingkang tjalon nampèni pakarjan soetji, djoemeneng bapa-baboening bangsa Katholiek. Njaosaken dana kanggé ngragadi Seminaristen oetawi alijas ngoendjoekaken Imam ingarsa Dalem Hjang Maha - agoeng poenika loehoer-loehoering koerban. „Kerken te bouwen ter eere Gods is zeker prijzenwaardig, maar 't is een veel schooner liefde werk een priester aan de kerk te geven, die levende tempels zal oprichten in de zielen der Christenen, die hij tot 't geloof bekeerd. Gawé grédja amrih kaloehoeran D. G. Allah ikoe pakarjan pantes ingalembana, nanging tjaos Imam - marang - Pasamoean-Soetji, kang gawé kedaton D. G. A. ing soekmaning manoengsa, sing pada dimertobataké, ikoe pakarjan loewih adi." Makaten pangandikanipoen Mgr. kaseboet nginggil. Saoedara, mangga ta koela atoeri nolèh kaactievaning sadèrèk ndjawi. Ah, sadèrèk, noeswantara ngelak sanget dateng koerban pandjenengan ingkang kados makaten. Prijantoen Katholiek, in actie!!

„Wie karig zaait, zal karig oogsten; wie veel zaait, zal veel oogsten." Saja njebar kasaénan ingkang kados makaten; sampoen koewatos tembé wingkingipoen. Begdja noeswantara, begdja bangsa kita jèn katah prijantoen ingkang makaten actienipoen. Saoedara ingkang waspada ing ébahing djaman, langkoeng - langkoeng djaman gendeng, kita kedah njantosakaken baris pendem; baris ingkang boten katingal, ning mrantasi èstoe. „Wij zijn de arbeiders van ons vaderland, van ons volk" kinantèn: „'t Is schoon voor 't vaderland te sterven". (boten oesah pedjah, nanging sangsara, mlarat, dana, digoel . . . . .) makaten tékading kaoem socialist, communist. Wah pengpengan sanget ta?! Poenapa kita „de arbeiders van God." éman oetawi adjrih ngoerbanaken ingkang kados makaten.

Jèn kita boten prajitna wiwit sapoenika, langkoeng-langkoeng prakawis perloening perloe ingkang kados makaten; gèk badé kados-poendi? Mesakaken anak poetoe!! Sinten ingkang badé kita tangisi ing wekdal béndjingipoen.

Samaten kémawon roemijin!! Sampoen koewatos.

MOEDA POEROEHITA

Karakter.

Teroesipoen Sw. Tm. No. 15.

Kanggé kita kaoem andapan perloe sanget gadah karakter, awit kita kaoem andapan kedah ngertos dateng lampahing djaman, kedah ngertos terang dateng gesang pasrawoengan lan kemadjenganipoen. Kedah pineksa mangertosi dateng kawontenaning badanipoen pijambak ing sapoenikanipoen, perloe kanggé njoemerepi kados - poendi badé kawontenanipoen kita ing tembé wingking. Bebasan Landi wonten ingkang moengel: „Het hemd is nader dan de rok,"* mila sampoen mapan sanget, noeloengi badané déwé disik, loewih perloe tinimbang noeloengi wong lija.

Margi ngèngeti (njoemerepi) badé kawontenan kita ing tembé wingking, ladjeng kedah moetoes nemtokaken lampah, mawi adedasar mangertos dateng pedamelanipoen lan kawontenaning diri ingkang asli. Enering tijang poenika doemoenoeng ing poenapa ingkang sampoen dipoen ginem (tjrijosaken), lan poenapa ingkang dados ginemipoen waoe, ing ngrikoe pinanggih poenapa ingkang sinedya, jèn sampoen gadah ingkang sinedya, ladjeng dipoenlampahi.

Tijang ingkang gadah „Karakter" kénging sineboet satoenggiling tijang ingkang gadah nijat tetep, éka tjipta. Poenika saged ndjalari ketjedak oentoengé!

Dados Karakter poenika satoenggilling kapinteran réka-daja ingkang practisch. Boten namoeng para winasis kémawon, sanadjana kaoem bodo inggih saged gadah akal kanggé perloening gesang.

Kanggé mbangoen karakter, ingkang langkoeng perloe tijang kedah pitados dateng daja kekijatan toewin sadaja poetoesaning badanipoen pijambak. Nganggé lampah makaten poenika tijang saged ndoegi nginten kinten dateng pangadjeng - adjeng lan kekadjenganipoen, ingkang sakinten saged nglampahi, lan tansah njobi nglampahi sadaja ingkang mila ketjonggah kijat, kanti sadaja kadajan. Tansah njingkiri samoekawis ingkang mokal ingkang namoeng saged dados impèn kémawon. Nglampahi ingkang dipoen-sagedi! Margi poenika „ideaal"- ing tijang boten saged nglokro oetawi kendo. Inggih margi sabab poenika, tijang ingkang gadah karakter, angsal peparab: „optimist,"** lan bilih nijatipoen boten kadoemoegèn, pamikiripoen taksih mardika moeloer, awit ingkang dipoenlampahi waoe boten nglangkah wates!

Njamboet - damel kanti karakter tijang saged ngatos-atos, tebih manah angkara, lan sedaja ingkang sampoen katjakoep kanti kadajan waoe, dipoendjagi sanget; poenapa déné tansah ngèngeti kemadjengan lan pikangsalipoen, ngantos samangsa wonten béka sangkala boten sanget^2 keraosipoen.

Senadjana nijatipoen boten kadoemoegèn, dajaning poen karakter, tijang taksih teroes pangoedinipoen boten merdoeli bot-bot répot ingkang ngalang-alangi (zwarigheden). Kanti ngetog kadajan merangi nasib-ipoen ingkang awon. Ing ngriki saged angsal pamikir, jèn ingkang dipoenlampahi waoe saé lan adil, margi kadjengipoen mila soetji lan lofwaardig, mawi srana ingkang katal.

Oegi saged ndjalari „zelfstandig,"*** margi poenapa^2 medal marginipoen pijambak. Nanging sampoen klintoe tampi, mastani bilih tijang ingkang pakoelinan, oegi gadah karakter; djer karakter poenika pikantoek saking daja kejakinanipoen pijambak. Lan malih karakter djembar wawasanipoen, lan kanti temen netepi wawasan (pemandangan) waoe, ngantos saged pitados diri pribadi. Karakter boten ndjalari angkoeh oetawi oemoek.

Karakter satoenggiling srana tijang pitados dateng tijang sanès; awit tijang boten saged pitados ing sanès jèn dèrèng nggadahi kapitadosan ing badanipoen pijambak.

Ing wekdal poenika taksih katah tijang ingkang boten mradoeli bab waoe, awit saèmper kandji wingi-wingi, katah ingkang sami malsoe. (dipretjaja djeboel . . . .). Mila perloe sapoenika kita dipoendidik: pertjaja pada diri sediri, mbangoen karakter.

Karakter njamboet - damel keras nanggoelangi poenapa^2 ingkang saged ndjalari kesasar, mboetjal sadaja tjatjad; njamboet-damel manoet pamikir pamanggihipoen pijambak ingkang sampoen kaanggep saé.

Srana karakter tijang saged makarja bawa pijambak, saged mréntah pijambak, nedahaken padamelanipoen dateng sesami, langkoeng^2 toemrap kaoem sekerdja.

Karakter dados sekaring persoonlijkheid toemrap memikir manoet dedasaripoen, ngantos saged angsal ning-ing tjipta, ing ngrikoe saged angsal aos samesti toemraping diri. Telas samanten! Aksamanta saking:

L. Sa - Kersa.

* Djedak telak karo (s)anak.

** Wong, kang ing kabèh sing diwawas, moeng mikir prajogané.

*** Bawa-déwé.

Djagad - Goeroe.

Panèn cursus.

Panèn koersoes? inggih, nanging koetjiwanipoen kok dèrèng soemebar, mratah dateng poendi-poendi. Tjobi koela bèbèripoen.

1. Koersoes „Oelah raga," ing taoen kapengker, wonten ing Ngajodja, sapoenika sampoen rampoeng „sampoen sami tampi: d i p l o m a. Lah, margi anggènipoen sampoen sami tampi: O p l e i d i n g s!" poenika toemindaking piwoelang langkoeng saé, dados migoenani toemraping: goeroe lan moerid.

2. Koersoes: Landbouw. Wonten goeroe sawatawis sami dipoenwoelang bab: prakawis tetanèn dateng Bogor. Ing pengangkah, lah sageda moelang bab makaten wonten ing klas 6, ing wantji sonten sageda moelangaken bab makaten waoe dateng kantja tani padoesoenan, dados migoenani toemrap: goeroe moerid lan bangsa.

3. Koersoes: K l e i n - h a n d e l ingkang mentas kémawon dados rembagan wonten ing Sw. Tm. ngriki, poenika migoenani toemrap: goeroe lan moerid inggih ingkang tjalon badé amoedjoedaken bangsa.

4. Koersoes: H a n d e n a r b e i d. Mitoeroet kasagahanipoen Toewan Adolf kala damel lezing wonten ing Ngajodja roemijin, oegi mitoeroet kabar-kabar ingkang koela pireng, koersoes poenika oegi badé kaedegaken; lah jèn makaten goeroenipoen ladjeng mangertos lan saged poenapa ingkang kawoelangaken, lah toemindak prajogi lan laras, — saged toemandja — lan saged ngedalaken woh, dados wontenipoen boten namoeng nama gagap-gagap kados sapoenika poenika.

Poenika migoenani toemrap goeroe- moerid lsp. ingkang sami badé dados bangsa.

5. Koersoes bab sasakit sawatawis. Ing wekdal samangké ing se-

moe Paréntah anggatosaken sanget dateng karahadjenganing kawoela ing bab panoelaking sesakit.

Ing sawenèhing kaloerahan, dipoenwonteni: „lichtbeelden" bab sesakit kanggé njoelang-njoelangaken tijang ngrikoe. Nanging éman sanget, déné bangsa kita teksih katah ingkang pitados dateng kapitadosan kina-kina boten anggega dateng bab: kadokteran.

Mila srananipoen ambéngkas makaten waoe inggih boten wonten sanès kadjawi inggih namoeng nedahaken kanjataan-kanjataaning bab kawroeh kadokteran.

Kados déné pabrik-pabrik sami damel grija pangoepa-karaning tijang sakit, poenika sampoen samestinipoen, kadjawi andjagèni para poenggawa, oegi tijang-tijang sakiwa-tengening pabrik ngrikoe, dados nindakaken: sami-sami, sami angsalipoen.

Nanging, poenika dèrèng sapintena, lah tanah Goepermènan rak boten wonten, toedjoenipoen sok wonten grija sakit: „partikelir."

Dados manawi Pamaréntah saèstoe manggalih kawiloedjenganing bangsa, temtoe boten badé kawratan maringi subsidie dateng jajasan makaten waoe.

Kala 5-5-'29 goeroe-goeroe Ngajodja ngempal dados satoenggal, mirengaken sesorah pangandikanipoen Dokter R. Soekanta, wasana ngedegaken cursus, kados ingkang katjeta ing nginggil.

Kawroeh waoe badé kawoelangaken ing pangkat 5 lan 6, moerid ingkang sampoen saged nampi, tjalon dados bangsa, lan ingkang saged: „propaganda" dateng tijang doesoen, kantjanipoen, oetawi ingkang sami boten mambet sekolahan. Poenika migoenani toemrap goeroe, moerid, bangsa.

Dados ing ngrikoe tjeta, bilih piwoelangipoen goeroe poenika boten namoeng piwoelang kasagedan tok, nanging oegi sadaja ingkang magepokan lan gesang.

Njata moenggoeh jèn ta kaseboeta: oendagining bangsa.

Bangsa ingkang saé, boten kok namoeng: pinter, pinter, nanging oegi boten sami nilar tindak leres.

Sagedipoen makaten, wiwit alit kedah sampoen dipoendasari, ...lah poenika, goeroe ingkang kesampiran padamelan.

Jèn makaten, goeroe poenika sanès padamelan: „gampil."

Rèhning padamelanipoen angèl, dados inggih kedah gadah kekijatan ingkang tjekap.

Nitik wontenipoen koersoes-koersoes ing nginggil waoe, tjeta bilih padamelanipoen goeroe poenika: „mindak" tinimbang roemijin....

Pigoenanipoen dateng moerid, bangsa inggih mindak.

Rak inggih „mindak." ta..?

Mangga kados-poendi doedoedanipoen? *)

Rak inggih makaten ta...? lo, poenika, laras oetawi adilipoen...

Noewoen.

C. ORDEÉKA.

*) Mangké paos lan bajaranipoen laré sinaoe inggih dipoen „doedoed" poenika! Béla bangsa, koerban selira ing djaman „kabangsan" teka inggih teksih awis aosipoen. Red. Sw. T.

Rembagipoen Klentreng (Journalistiek)

Teroesipoen.

Bab I isiné kira-kira mangkéné.

Kepala afdeeling kwasa nglilani marang lid-liding Redactie lajang kabar ing Indija Nederland (oega pembantoe-pembantoené sing tetep lan agent-agent enz. . . . .) kena nganggo perskaart, jaikoe tanda jèn wong sing doewé ikoe: persman, anggeré netepi atoeran:

a. Panjoewoenan idin mesti menjang kepala afdeeling (Hoofd van Plaats: Bestuur of A. R.), ing panggonané si Journalist.

b. Kanggo sawatara pembantoe-pembantoe lajang-lajang kabar of agent pekabaran nieuwsagentschappen, panjoewoenan idin mesti nganggo lantaran Redactie oetawa Directie . . . . .

c. Modèling insigne (perskaart) sing nemtokaké lan sing mragadi pers.

d. Tanda-tanda sing dienggo déning journalist sagolongan moesti koedoe pada modèlé . . . .

Gt: É, é, dadi nganggo beslit-beslit barang. Apa isih ana toenggalé?

Kl: Isih; jaikoe bab II: Wong-wong kang doewé tanda kaseboet bab I diparingi wewenang-wewenang sawatara, jaikoe:

a. Kena mleboe ing papan kebakaran (kobongan), koempoelan openbaar, ing panggonan gègèr-gègèran lan lija-lijané, sanadjana enggon maoe didjaga poelisi oetawa militair.

b. Bab ing a mengko bisa ndjaloek keterangan-keterangan marang sing ngoewasani (panggedé), pnrloe diemot ing korané; mesti diwènèhi keterangan; kedjaba jèn prakara maoe koedoe digawé geheim (wadi) disik, kanggo nggampangaké panliti.

c. Bisa olèh pitoeloenganing panggedéning nagara oetawa militair, lan dililani mleboe ing saben panggonan kang pantes ditekani pers (wakilé), lan diwènèhi keterangan sapantesé jèn maédahi pers oetawa publiek.

d. Perskaart moeng kena dienggo wong sing doewé déwé, ora kena disilihaké.

e. Tanda-tanda saking pers ikoe jèn dienggo koedoe katon. (Dadi jèn perspenning bisa digantoengaké ing ranté djam saista mainan, déné jèn woedjoed perskaart, dikantongi, samangsa ana perloené, ditoedoehaké).

f. Jèn tanda (perskaart) maoe ora dienggo ing samestiné, oepama disilihaké wong lija, perskaarté ditjaboet. (Mesti baé jèn konangan).

Bab III: Kepala afdeeling kena ngowahi pranatan ing II a, b, c lan d, manoet pranatan plaatselijk, kanti saroedjoekan karo wakil pers ing kono.

Bab IV: Jèn bestuur Indische Journalistenkring njoewoen kanti sebab njoekoepi, perskaart kena ditjaboet. (Dadi saka panjoewoené bestuur I. J. K.)

Jèn Journalist arep leloengan noenggang sepoer S. S., olèh soedan $25^0/_0$; jèn mraoe K. P. M., ija bisa olèh soedan, anggeré sadoeroengé, wis awèh weroeh (kirim lajang) disik.

Gt: Ta, apa ora seneng dadi Journalist? Jèn noenggang sepoer olèh soedan $25^0/_0$. Ora satitik lo $25^0/_0$ ikoe! Dadi oepama akoe Journalist, njepoer saka Djocja — Poerwokerto, olèhkoe toekoe kartjis teroes moeng f $1,57^5$ ngono pa?

Kl: Ora. Disiké toekoe kartjis woetoeh, noeli dipriksakaké karo noedoehaké bewijs (journalistenreisbewijs), soepaja ditèkeni.[1]) Déné bewijs maoe olèh saka panggedéning S. S. Mengko jèn wis tekan station sing diparani, bisa nemoni stationchef ing kono, ndjaloek doewit balèn sing $25^6/_0$ maoe, lan mesti baé bandjoer dikentjèng.

Gt: Dadi ngono ta. Saiki akoe ngasil manèh, kowé sing disik maoe moeni kritak-kritik, ikoe apa hè?

Kl: Ijah, ana kritik baé ditakokaké apa! Saben iroeng mesti ngerti. Kritik ana warna loro, afbrekende critiek lan opbouwende critiek. Sng disik moeng moerih roesaké, déné opbouwende critiek ikoe soepaja dadi betjiké. Saméné disik, kang.

Gt: Ija, Fransch adja lali!

AKSAMANTA

Pinggir Mrawoe.

[1]) déning Stationchef.

P.

Ngleresaken lepat:

Sw. T. No. 15, Katja 3, kol. 2, kepara ing tengah, „R. M. Bril Moentilan" njerat: — poenika kepalaning kabar Moentilan, ingkang wiwitipoen: I. Taoen poenika kweekschool...

Kedjawi poenika, ingkang teroes sinaoe dateng Seminarie boten kalih, nanging tiga. Poenika boten lepatipoen R. M. Bril alijas Tismak, sebab kala samanten nomer tiga pantjèn dèrèng kasoemerepan.

KOEROE SÉTRA.

Film Indonesia.

1e. Bedrijf.

Als Katholiek wil ik leven, en als Katholiek wil ik sterven. (Pedjah-gesang-koela badé pedjah-gesanging tijang Katholiek sedjatos). Kénging kagem meditatie!...Ing sadèrènging moeter film....., kaparenga ngatoeri extra sakedik gegajoetan kalijan artikelipoen:

a. Ki Demang bab kritiek toemoedjoe saoedara Pramila saking sad. Rud. Rad. Jasa, trep lan ing Djanget Pakné Soe. Jèn poenika mila makaten, wah hem ngisin-isini banget, leres? noot Red. wedi ta:... malah tjara... actie mboebrahisme: wah memelas sanget, nélakaken jèn boten kagoengan standpunt, wèh saja tjilaka banget, ana ing kéné dièsemi, ana ing kana dipèroti. Sadèrèk, sampoen kagèt, sadjatosipoen actie ingkang kados mekaten...... tansah wonten (koela atoeri menggalih ingkang ragi lebet). Sampoen ndjola, ning inggih sampoen ajem-ajeman. Dèrèng dangoe poenika sad. kita (koela wani mestèkaken jèn poenika koelit daging kita pijambak.) Keristen Indonesiër Tawangsa damel kritiek artikel P. P. K. D. dengan P. P. P.K.I. wonten ing Darmakanda. Hem: Leiders P. P. K. D. dipoenwastani trondol^2 (taksih nèm ing sadajanipoen) onintelectueel. Koela boten badé tjawé^2 bab poenika; goemoen koela, wani moeni kaja ngono, koewi kaja ngapa tèr-tèrané nèh, apa wis....? Jèn tanda satrija Kath. sedjati, ngritiek inggih ngritiek, pedes, boleh; oeger opbouwend, lan kaserat ing pers-ipoen pijambak; sokoer bagé karsa nandangi pijambak... ngéné loo nèk njekel P. P. K. D., ngéné loo jèn ngleideri, ngéné loo, loo. enz. Oegeripoen adja ngéné loo nèk arep dadi partij-verader!! O, inggih poenika, wohipoen djaman sepoeh; dèrèng^2 kémawon sampoen makaten.... djirihipoen; saiba oepami kados Mexico...? Koela persoonlijk, langkoeng remen dipoen-leideri....prijantoen tjekapan kémawon, waton soekmanipoen intelectueel èstoe, tinimbang leider kados déné ki Tawangsa oetawi pisan Pakné Soe..... actie pambibrah!! Seratan poenika boten ngadjak paben-paben, namoeng mligi ngadjak saé. Bambang Hercules, kapéngin tetabikan lan prijantoen-prijantoen: ingkang kagoengan actie makaten: „Nama saé langkoeng adji tinimbang banda. Mila, mbok inggih sami dipoendjagi namanipoen!"

b. Saoedara Soetédja; inggih leres, kita kedah nggadahi tékad kados saoed. Stdj; boten kénging medaraken Schuilnamen. Redactie anggènipoen njepengi Redactie-geheim kados déné Pastoor lan bab ngaken dosa. Pastoor boten kapareng babar pisan medaraken dosa^2 ingkang sampoen kapidangetaken dateng tijang sanès. Sadèrèk, kita ingatasing bab poenika, bab boten kénging medaraken schuilnamen, kaanggepa koewadjiban ingkang loehoer sanget. Ingkang perloe boten persoonipoen, nanging rembagipoen. Kita kedah tansah mbédakaken personen lan zaken. (Men moet scherp onderscheiden, tusschen personen en zaken.).

c. Artikel saoedara Patjar Mérah, bab diploma. Pantjèn njata, koela ngakeni èstoe, saja kanggé djaman samangké djaman moebal-moebalipoen temboeng: „intelectueel." Koela pijambak, naté mireng temboeng ingkang njlekitaken manah èstoe.... kirang langkoeng makaten: Tjekaké jèn moeng kaé baé, (ngèngeti diploma.) doedoe golongan intelectueel .... ora-orané bisa nindakaké. Tak-pal. Adoeh, oemoeké nèh prijaji koewi. Pantjènipoen jèn njata prijantoen kampijoen rak malah .... marga kowé ora bisa ... rénéja taktoentoen .... taktoeloengi. Kok malah dipal, toer terkadang ndadak nganggo èmbèlèmbèlan...weton anoe wé...baji wingi soré...wé. Èstoenipoen koela goemoedjeng manawi soemerep prijantoen makaten poenika; ngaken intelectueel, terpeladjar....pinter, ning djeboel tegesing temboeng intelectueel kémawon boten ngertos. Poenapa ndjarag njepèlèkaken, jèn makaten saja memelas poenika. Soepados ingkang inggil boten kesangeten oemoekipoen lan boten ngalitaken manahipoen bangsa tjébol ingkang nedya toemoet madjeng, kaparenga koela ngatoeri poenapa tegesipoen temboeng intelectueel. Intelect (Fr. (Lat: Intelectus): verstandelijk vermogen (daja kenalaran); iem. met veel verstand (wong nalar). (M. T. Koenen ktj. 441.). Hara, menawi ngaten poenika kados-poendi. Dados saged kalampahan wedalan Talènsche school oetawi babar pisan tanpa sekolah....saged nama intelectueel. Rak inggih ta? Kalijan malih sadèrèk, aosing tijang poenika boten namoeng doemoenoeng ing diploma lan uiterlijke waarde sanèsipoen oep: soegih, bagoes, besoes l.s.p. ingkang perloe innerlijke waarde-nipoen. Goesti pijambak kados-poendi: Langkoeng ngaosi pangèn ingkang bodo-bodo, nanging

DÉMOKRASI POENAPA DEMEN KROSI?

Kita boten saged ngoekiri, milih wonten ing ombjaking „djaman samangké, kantja-kebawah „ora-kajakajaa", anggènipoen badé toemoet njepeng kemoedining nagari, toemoet ngerèhaken. Djalaran, negari kirang saged anggènipoen njepeng pangoewaos — lho poenika pamanahipoen sadèrèk ndjlegedag poenika! —, ngendikanipoen: „Tjoba, oepama akoe sing dadi ...... djéndral!" Oetawi: „Wis toetoeg kok èh, enggoné kebawah, saiki merdika!", kadjengipoen: „saiki mbawahaké".

Ébah-ébahan ingkang kados makaten poenika wiwit djaman kina sampoen wonten, mingslep-mentjoengoel, déné ingkang loemintoe doemoegi samangké, lahiripoen ing Éropah-Kilèn, mlimbar dateng Amérikah. Inggih ébahing djaman kados makaten poenika ingkang moeroegaken Pangerèh-Pangerèh sami andoem pangoewaos kalijan tijang alit, ladjeng dados „sama rasa"! Kiesrecht lan parlement sadaja wohing panggajoeh „mintak-sama-rasa"! Mila inggih sampoen barang salajakipoen kémawon manawi ing parlement-parlement ing-rembag-padintenanipoen njrèmpèt pangoedi-daja, badé ndjoendjoeng oetawi njaèkaken kawontenaning tijang-alit prakawis ekonomi lan politiek-ipoen. Tjeta, djaman samangké djaman „DÉMOKRASI".

Temboeng „sama-rata", ingkang ngesipoen sami kémawon kalijan „sama-rasa", toehoe sampoen oemoem; nanging toemoesipoen wonten ing tenaga nganggep-sami-dateng-sesamining-gesang kok kados dèrèng patos katingal. Ngrika-ngriki, sadaja namoeng bag-ginitik kémawon.

Ing Amérikah, panggènanipoen démokrasi moeloes-moeloesan, ing siring kidoel oepami ing poeseringpangerèh, Washington, sadèrèk petak kalijan tjemeng wonten papanipoen pijambak-pijambak ing sepoer oetawi ing bioskopan.

Koela maos ing serat kabar Walandi (De Tijd sewelas Maret '29): wonten satoenggiling prija saking Indoe, sampoen tamat sinaoe Universiteit ing Inggris, wonten ing New Jork badé potong, poenika kok wongsal-wangsoel barbier saweg èweeeet kémawon! Èwet ndjagi kahoermatanipoen. Loepoeté sadèrèk Indoe: lha wong prijaji American kok datoeri njoekoer tijang tjemeng!

Ing Éropah semoenipoen kok inggih namoeng oenda-oesoek! Tjobi poen mirengaken, menawi wonten tijang ngrembag tijang soegih, nanging ingkang soewaoe namoeng kaoem nglengkèt! mangké pendjenengan rak mireng: „Soegihé moela soegih! nanging akoe ngerti dèk mlaraté! Lha oepama kowé ngertia wong toewané......!!

Kok ndadak tebih-tebih; ngriki kémawon kados-poendi? Wlandi — Djawi, Djawi — Tjina, Tjina — Wana! Djawi — Ambon, Ambon — Djawi — Flores! Kok wonten sémah militèr boten dipoenseboet „masdjeng", mangké bibik rak dipoengitok-gitokken, mawi penoetoep: „A-perrrrr-rèk! ja!" Djenèh kok ra anoe! Moenia: „Saja, ndara njonjah!"

endog sidji pajoe tloeng binggol!

Sampoen-sampoen! boten sah tijang sanès poelo; Djawi sami Djawi kémawon asring kados-poendi? Mangga, Goepermènan poenapa Kedjawèn, rak sami kémawon!... Poenapa poenika sabab dèrèng mambet pamoelangan? . . . Koela kèngetan gadjeg-gadjegipoen tjintangan Red. ing Sedya Tama, njintangi perslag parepatan Wanita Oetama, anggènipoen para warga Bestuur sadaja dipcentiteli — poenapa pantjèn ngagem titel? — R. A. — mangka Sad. Red! mangertos, bilih boten sadaja titel R. A.! — „Ngonoa ké gèk wong sahohah kèhé enggoné ngarani wateké moeng ditjaroek karo wong sadjimpit!" Noewoen sèwoe, koela inggih boten badé ngratjak; namoeng kawontenan ingkang koela atoeraken poenika sadjak radi béda kalijan démokrasèn! malah sadjak ngatingalaken „demen krosèn!"

Poenapa para pangandjoer saking kapoeloan warni-warni saèstoe saged wawang-wawangan démokrasèn? Koela boten nggepok tw. Colijn, ingkang mastani bilih tijang-sanès-Djawi boten badé saged, jèn ta ngantos kaerèha ing tijang Djawi; oegi boten badé ngoetik-oetik tw. Djéndral Swart, ingkang mastani, bilih tijang Bogis Ambon boten saged jèn ta kaemora tijang Djawi; nanging saoepami saèstoe para djempol waoe saged ndémokrasi kados kempalipoen doemoegi samangké, nanging Noesantara sa-Noesantara poenapa namoeng djempol^2 tok ingkang ngenggèni? Lan mangké, jèn — tijang boten mokal! — djempol sami gegraoetan, poenapa dridji, djentik boten sami noemoeti djempolipoen, menawi démokrasining poelo sami poelo namoeng wonten ing panoentoen? Mila raos koela, manawi ingkang kanggé tangsoel manoenggiling tijang Indonesia namoeng ndémokrasinipoen, margi anggènipoen roemaos sabangsa (?), poenapa dajanipoen. Ka-démokrasi-nan dipoentoempangi politiek, margi anggènipoen kabawah ing Pangerèh satoenggal, inggih dèrèng katingal mitajani, djer tangsoel politiek saged pedot sawantji-wantji (oep. kémawon: propagandanipoen Aboel Moeïs poenapa sinten, dateng Selebes roemijin poenika? Poenapa teksih tapakipoen? Jèn pasaréjanipoen controleur De Kat Angelino, ingkang dipoenperdjaja sadèrèk mendem gadoeng, taksih! nanging pertalian politiek sampoen pedot!) Mila ngempalipoen Indonesia kedah mawi tangsoel sanès malih kedjawi kalih waoe. Lha poenapa? Ékonomi? Handel? Kanggé golongan sanès boten saged tjaos pitedah. Ing ngriki koela boten badé oemoek (inggih sanadjan meksa dipoenwastani!), sadèrèk Katholiek gadah tangsoel, ingkang sadèrèk sanès boten gadah i. p. anggènipoen sami kabawah ing K. S. Bapa, anggènipoen sami Katholiek, anggènipoen sami noenggil kaantepan! Mila, kadang njosial lan molitiek Kath., sampoen medal saking kalangan Katholiek, sampoen pados-pados sandjawining kring Katholiek, mangké pisah kalijan sadèrèk pandjenengan katah, lho! Kepidjèn „ditemoe koewoek", kapiran mangké! Ngempal, ngempal! Tijang Katholiek panggènanipoen ing pakempalan Katholiek.

PRAMILA.

PANOENTOENING LARÉ.

Sambetipoen Sw. Tm. no. 15.

sesandoenganing lampah ingkang saged mbatalaken toedjoeaning preloenipoen panggoela-wentah, para mardi séwaja kedah boten kénging alit manahipoen. Kawontenaning panggoela-wentah, kénging koela oepamèkaken kalijan ngabotohan, déné ingkang dados tohipoen inggih poenika kedadosaning wataking laré, saha tjalon kedadosaning bangsa ingkang badé dateng. Manawi nggagas agenging totohan waoe, inggih sampoen samestinipoen toemandang tjantjoet atali wanda, boten adjrih baja pakèwed oetawi wegah rekaos. Para sadèrèk goeroe ingkang pamawasipoen wigatosing prakawis poenika kados makaten, temtoe boten badé kendo sreggeping pamardinipoen moerid, sarta dajanipoen panggoegah dateng kasregepan ngoengkoeli angen-angen badé tampi bajaran.

Boten nggoemoenaken manawi katah sadèrèk ingkang ndawahaken dedoekan, awit saking bodonipoen laré, ingkang meksa nglepèh piwoelang, sanadyan sampoen dipoenterang-terangaken ngantos gamblang. Ingkang makaten waoe prajogi boten dipoenkerasi, awit pikantoekipoen boten adamel mareming manah. Langkoeng pikolèh tinoentoen kanti sabar tlatos kaoedi wewahing sregepipoen, tinimbang dipoenkerasi dipoengetak-getak. Kanggénipoen laré ingkang bodo, dipoentjrijosi kalijan aloes, dipoenserep-serepaken kendonipoen idjèn-idjènan, dipoentoentoen moerih saja madjengipoen, kedadosanipoen langkoeng saé. Badéja ndawahaken dedoekan kados-poendi kémawon, manawi pantjèn laré kendo sanget, rak inggih tanpa gina, pikantoekipoen kirang toemandja. Ingkang makaten waoe nama boten lepating laré oetawi goeroe, pantjèn dasaring laré, ginaris namoeng semanten. Ingkang makaten waoe namoeng kaoedija indaking sregepipoen, awit nitik tata-lairipoen, katah ginanipoen tijang boten patos pinter ananging sregep tinimbang kalijan tijang pinter ananging kesèd boten dojan padamelan. Kagebag ratjak laré poenika seneng dipoenpitados, liripoen dipoenendel, oetawi dipoenanggep saged, nglampahi satoenggaling padamelan, mila prajogi sanget laré dipoenbombong dipoenagengaken manahipoen, ananging sampoen ngantos dados kemadjon, koemawani, koemaloengkoeng. Moerid ingkang saben dinten tansah dipoenbodok-bodokaken, boten wonten dinten belang dipoen-gandjar paoekoeman, woesananipoen temtoe alitan manah, lan gadah panginten bilih badanipoen saèstoe boten saged poenapa-poenapa, satemah pratjajanipoen dateng badanipoen pijambak sirna. Laré makaten poenika nginten badanipoen sèkèng sanget, boten wani gadah ada-ada poenapa-poenapa, ing tembé medal saking pamoelangan inggih keladjeng adjrihan, boten gadah greget ngajati njamboetdamel pijambak. Pramila saé laré poenika dipoendamel ageng manahipoen, dipoentetangija manahipoen soepados roemaos koewagang nampi piwoelang, lan saged ngertos piwoelang waoe, sarana kasregepanipoen. Sasaé-saénipoen damel adjrihing laré, taksih langkoeng saé ndidik kekendelan, sarta adamel agenging manahing laré.

Roemaos koewagang, roemaos saged, poenika moeroegaken wani ndjalari saged ngedalaken sadaja kekijatanipoen. Kosok-wangsoelipoen roemaos boten ketjonggah, namoeng adamel tjapé kémawon. Nandangi padamelan ingkang sampoen dipoenanggep angèl, saja wonten raos: „apa bisa", poenika lampahipoen kados tijang ingkang ngambah wedèn, sampoen rekaos toer boten saged énggal-énggal kedoemoegèn sedyanipoen. Tijang ingkang gadah raos koewagang, tandang tandoekipoen inggih temtoe boten mangoe-mangoe ing manah, boten mandeg toemoelèh. Tijang ingkang ndjemparing, manawi manahipoen boten ngedap, gadah roemaos saged, temtoe titisipoen mindak, ndjalari katah djemparing ingkang méntjok. Raos koewagang, boten mangoe-mangoe ing manah, saged adamel éringipoen tijang sanès, lan ndjalari andahan-andahan sami adjrih mbangkang, boten soewala ing dawoeh. Anggènipoen boten godjag-gadjeg adamel agenging pratjajanipoen para ingkang sami dados kalèrèhanipoen.

Kala koela teksih sinaoe wonten

boeroes, tinimbang Praboe Herodes ingkang misoewoer ambeg-sijanipoen. Nitik poenika, tjeta innerlijke waarde kedah karoemijinaken. Sadèrèk, kita kedah tansah ènget, soekma resik 1 aosipoen ngoengkoeli djagad. Mangka tijang R.K. ingkang sampoen baptis . . . Wah . . . ??

Sampoen mindak kaladjeng-ladjeng: sapoenika film koela badé koela poeter malih.

Hercules.

Ngajodja.

1. Kala 4/5 Mei '29 I. N. P.O. afd. Mataram ngwontenaken semoewan — opvoering. — wonten ing Djajadipoeran.

Ingkang kapitongtonaken: Beksa ngriki: perangipoen patih Sekipoe lan Gatoetkatja, Beksa tjara ngrika Charli Chaplin lo, kok inggih boten tijang ngrika kémawon ingkang saged; anggar: sabet lsp. ingkang katah bab: oelah-raga.

Basa ingkang kanggé ing ngrikoe, basa Indonesijah — mladjeng — ingkang ningali sanadjan mawi prabéja wiwit f 0,18 — f 1,80 djedjel.

Ing atasipoen poenika pakarjanipoen laré, inggih sampoen nama saé.

Wosing semoean: propaganda bab: Padvinderij lan andeder widji: kabangsan.

Moegi-moegi ngedalna: woh saé lan moerni.

2. Pakempalan „Bala keslametan" ingkang doemoegi sepriki sampoen oemoer 66 taoen, soemebar ing 80 nagari lan anggadahi officier 200, kala 3/4 Mei ngwontenaken parepatan oemoem wonten ing soos: Handépraja, kanti dipoentenggani Goepernoeripoen saking Bandoeng lan laré: piaran sawatawis ingkang sekedap-sekedap ngidoeng bab lelampahan Dalem Sang Kristoes kagatoekaken kalijan anggènipoen dolanan, ngidoeng; Goesti kasalib, laré-laré sami djèdjèr tata amangoen salib, makaten oegi kala Goesti karoeboeng laré-laré alit lsp.

Nanging rèhning: Djaman sapoenika, dipoenpropagandani Agami, toer kristen, ingkang noentoen tijang ngrika, boten makan, tijang ndjawi ingkang dateng prasasat boten wonten, kadjawi laré-laré oetawi tijang langkoeng ingkang mampir, déning kabekta badé ningali dolananipoen laré-laré waoe.

Pantji tijang ngriki boten djodo dipoenadoni makaten, mangga M.D. manawi pinoedjoe sekatèn poenika . . . .

Lah manawi wonten „Openbare vergadering poelitiek," wadoeh....... inggih soekoer tinimbangipoen sami tilem.

Namoeng pangadjeng-adjeng koela, moegi laré-laré Indonesia, ingkang wiwit alit sami wiwit dipoentanemi, widji raos kabangsan, ingkang tjalon badé meningi djaman ngrekaos, ramé, kisroeh poenika samia tampi dederan widji tindak oetami.

3. Kala 5-5-'29 goeroe^{2} sekolahan Djawi ing Ngajodja pepanggihan lan Dokter R. Soekanta.

Rerembagan ngedegaken Cursus kasarasan, ngrembag bab sasakit sawatawis, sinten ingkang kersa, kénging toemoet, tanpa bajaran, dawah dinten malem Senèn djam 7 — 8 wiwitipoen kaangkah woelan ngadjeng.

Cr.

VARIA.

?

Gandèng lan oréanipoen Patjar Mérah ing Sw.-Tm. no. 14, pérangan Ontjèn sekar Gambir Melati bab I, tjopot sandal oetawi slof jèn anampi Panoenggal Soetji, poenika jèn prijantoen poetri (kadang wanita) ingkang sampoen matoeh (kerep oetawi koelina) nganggé oetawi ngagem slof oetawi sandal limrah oetawi kiel (djinggring, djindjit) kadospoendi? La jèn bebedan, tapihan (njampingan) nanging sepaton?

Bab 19 B, ing hormat-circulaire K. B. Prabalingga. z: Sw.-Tm. no. 13. Prijantoen ingkang boten saged goeneman tjara (nganggé basa) Walandi?

Kagem sadèrèk ingkang tebih-tebih.

Lantaran Sw.-Tm. koela ngatoeri priksa jèn ingkang sampoen klampahan ragi lami, sasampoenipoen ing Poerworedjo wonten PASTOOR, pakempalanipoen ngoendjoekaken koerban MIS SOETJI ing Keboemèn pendak sawoelan sapisan dawah Minggoe kapisan.

Kawoeningana dèrèng gadah jasan pijambak. Dados katerangan ing angka 4 ingkang wonten pérangan pari wara ing Sw.-Tm. no. 14 oetawi sanèsipoen poenika, gèsèh.

Mila Sw.-Tm. inggih migoenani; saged dados soeloeh. Jèn tjaket kadang saged takèn-takèn naroetoes. Sareng tebih pos-posan kadospoendi? PAK CORN.

Kanggé ngebaki klowongan.

Goemelaring djagad poenika wijar, isi manéka warni, lan roeroepèn mantja roepa.

Sampoen malih ingkang manoengsa, botena adjedjodgan, kéwan kémawon noen inggih makaten.

Ngoepados djodo boten gampil, angèl sajektos. Jèn lepat pamilihipoen, gela nalangsa sadjegipoen.

Pados lan ngladosi mara sepoeh noen inggih boten nama baèn-baèn.

Djembar-djembaring djagad, tijang ingkang roepak djadjahanipoen, sepi kawroeh, kirang tawekal, anggèné nglampahi salat sembahjang namoeng anoet bjoeng roeboeh-roeboeh gedang boten nganggé iman padang, wonten mara sepoeh èstri dateng mantoenipoen èstri kados maroe, malah kwedal boten roemaos gadah mantoe. Jèn ngoengel-oengeli mantoenipoen sakenjoh-kenjoh oeger saged mangap. Sapari-polahipoen sang mantoe tansah winaonan, sanadyan saéa pisan. Kala-kala asring kwedal temboengipoen saroe. Boten mèmper jèn sampoen wantji pantes momong poetoe.

Mila manoet djamanipoen prajogi jèn patjangan roemijin, ngantos sawatawis lami. Preloenipoen tjalon mantoe sageda soemerep dateng lagéan oetawi watak-wataking tjalon mara-sepoehipoen. (Poenika jèn patjangan noenggil enggèn tjaket). Jèn ketanggor kados poenika kodjoer noeroet woeloe, ngeres, ngenes sadinten-dinten.

Pak Corn. boten nama ngawon-awon, oemoek anggatjé ngetjemong mèn diopahi gedang bangka. Boten, boten, amargi njipati pijambak lelampahan makaten poenika. Mandar asring kepeksa mradatani, saha tampi poendjoengan ginrajang boten saé, tjinatoer wonten wingking. Mila doeh para sadèrèk, moegi dèn waspada, prajitna. Sampoen sepi amemoedja njoewoen pitoeloengan lan sawab berkahipoen Iboe kita, inggih sang Iboe kenja, iboenipoen GOESTI poepoendèn sesembahan kita.

Sinten ingkang ngajom ing pada dalem Djeng Iboe moerni sadjati, boten badé katriwal. Djandji mantep, tetep, madep, boten nolèh ngiwa nengen. Insja Allah, boten ngoetjiwani.

Kadang nampéjan Gendir pendjalin
a P. C.

(Serat saking negari Landi, saking R. C. Poeloenggana Rèd.)

NGLANGOETING TYAS ANGLIMPOETI.

Banget temen nora 'ndoega, baja woes karsaning Goesti, pisahkoe lan tanah Djawa, sadoeroengé nora ngimpi; doek mantjal sing gigisik, rasaning tyas meksih rangoe; praoe amijak toja, toemamèng madyèng djaladri, angragantjang linamboeng aloen tan obah.

Titirahing tanah Djawa, kawistara kadya kéntir, ing ombaking kang oedaja, membat-membat saja tebih, aloen loemèmbak gisik, sing mandrawa katon moeroeh, kadya mboentjang-mboentjanga, sèsining rat tanah Djawi, jèn sinawang pinda keroban sagara.

Rojoming ron-ronan wana, rijo-rijo mangjoenjoeni; jajah baloedroe ginelar; djalèrèhing djoerang tjoeri, tjoraké larik-larik, angrengga agraning goenoeng, kang 'ndandeng gegandèngan, kadya soeng sasmita wangsit: „Hèh, wong anom, poma disantosèng boedya."

Betawi katon koemelap, petaking koeta wor angin, kapandoek soenaring soerja, lir mawa tjahja awening; Tandjoeng Prioek tan kèksi, woes kesapoet amoen-amoen, samana rasaning tyas, wiwit ngelangoet lir ngimpi, kareranta karasa kang ora-ora.

Jèn ginoegoe saja krasa, soen lelipoer nora lali, malah toenanem ing manah, nandes rosing sanoebari; oepama adja éling, moendi Ajahan linoehoeng, preloe nglaboehi apa, nadyan woeroeng angoer bali, jèn teroesa, tetep moeng liwoeng ing karsa.

Emboeh, endi kang prajoga, ikoe nora kleboe pikir, jèn ngremboeg karsa prijangga, boronga ingkang nglakoni. Nging toemrap akoe jekti, ala banget lamoen moendoer, rèh roemangsa katiban, sih Timbalan Dalem Goesti. Nging barèsé rasané kaja kijamat.

Roemasoek rasikèng drija, nglangoeting tyas anglimpoeti, kèlingan kang woes soen-tilar, kabèh katon angranoehi. Doeh laré tanah Djawi, abot temen rasaningsoen, pisah kalawan sira, roemangsa nora koewawi, poking djantoeng kaja djinoewing-djoewinga.

Lamoen kèlingan Ngajo-dja, doenoenging tresnèngsoen jekti, lir winenjet rasaning tyas, pinetet ing pok rinoedjit. Doeh para maos moegi, jwa mèsem éwa ing kalboe, atoer koela tjablaka, tan ngèmoeti kanankéring, wit koemedah-kedah medar rasèng drija.

Sawatawis moerih ledjar; djaré-djaréné jèn sedih, wedaling loeh radi njoeda, lan tjarita troesing ati, ameper raosing perih; mila koela boten rikoeh, mijak wrananing drija, tjrita kadi laré alit; jèn dinalih réwa-réwa moeng soemangga.

Doek ilanging tanah Djawa, lir ketoengkoep ing djaladri, angles nglangoet rasaning tyas; kang katon moeng redi-redi, kawengan angin-angin, saja nenangi ngelangoet; dangoe 'ndjenger tan obah, nglangoet ngarsa miwah woeri, djroning batin moeng: fiat voluntas tua.

Wetoening loeh tjarotjosan, pinenggak-penggak tan keni; saoentara gja soen-oedja, tan nganggo rikoeh lan isin. Manoet pepali Djawi, kang mangkono nora patoet, doedoe watak satrija, prija kongsi mebes-mili, nibakken loeh ikoe pantesé wanita.

Ja kono mangsa bodoa, sakarepé lé ngarani. Nanging samana rasèng tyas, nora kena dèn-sajoeti, anané koedoe nangis; emboeh jèn wong tanpa djantoeng, baja nora karasa; woes begdjané kang nglakoni; kang ginandjar karasa koedoe narima.

Ora loewih tanah Djawa, karija andoem basoeki, pisahkoe woes ingsoen sedya, nglaboehi karsaning Goesti; mangsa woeroenga béndjing, nora lawas gé katemoe, iba boengahkoe baja; amoeng baé adja pangling, lamoen bésoek tekakoe kaja gendroewa.

C. Poeloeng.

OERAP-SARI.

SERAT KINTOENAN.

Karoekoenan ing Moentilan.
(Sandjawining tanggelan Red.)

Saking prijantoen sandjawining kalangan Katholiek Red. tampi serat kados ing ngandap poenika:

Moentilan poenika sami-sami kita alit kalebet ramé, prijantoenipoen oegi katah manéka warni, liripoen golongan B.B. Pandhuis, Onderwijs, zoutregie, opiumregie, pest lan sanès-sanèsipoen, oedakawis wonten kalih belahan. Karoekoenan para prijantoen waoe kalebet saé, kalebet goelet roeket; ingkang alit ngroemaosi alitipoen, toewin ingkang ageng sami katah pamengkoenipoen ngroemaosi kalenggahanipoen dados sesepoeh.

Nanging kawoeningana para maos!!! bokmanawi sampoen kinodrad ing Goesti jèn kawontenan ing donja poenika sokoegi wonten saénipoen oegi badé katingal awonipoen, babasan sampoen kodrad Allah makaten.

Ing Moentilan saben-saben wonten prijantoen ageng badé pindah sami kepjek damel babadan (comité), nariki oeroenan tjalon katandjakaken kanggé wragading pahargjan oetawi pisoengsoeng kanggé tanda mripat. Boten amoeng poenika kémawon ingkang saged ngawontenaken comité, nanging lindoe Wanasaba, prahara nagari Walandi oegi makaten.

Ing ngriki koela badé mawas kawontenaning comité waoe.

Comité karoekoenan makaten waoe pantjèn inggih saé, waton adil, tegesipoen boten ingkang ageng kémawon, sanadjan ingkang alit-alit pantjènipoen inggih kepéngin ngraosaken, rak inggih makaten ta mijnheer Paulus!!! Awit doenoenging raos poenika boten mawang ageng alit. Lo makaten moerih adilipoen, toer ambak-ambak koela inggih boten mèri oepamija kabéda, boten tjara sama rasa-sama rata boten; oepami ndara dokter ingkang pindah sakedikipoen kantja-kantja prijantoen ngedalaken wragad goenggoeng f 200 zegge Twee honderd plok, ladjeng dèn Mantri . . . . . pindah ngedalaken goenggoeng f 75; zegge vijf en zeventig plak, mas Tjarik . . . . ngedalaken f 50,- zegge vijftig plik. Lo makaten poenika rak nama sampoen adil, tinimbang kalijan kawontenan ingkang sampoen djer ingkang golongan alit-alit tanpa dados pamanahan babarpisan; mangka manawi wonten tarikan oeroenan sanadjana njlempit pisan boten badé kelangkoengan. Para toekang mbangoen comité mestinipoen badé mlérok alitipoen mèndjeb dateng voorstel koela ing nginggil, batosipoen: Sing gedé rak akèh djasané menjang sing tjilik, lah bareng sing tjilik ikoe djasané apa?!?

Sampoen makaten sahoedara comité, kawoeningana bilih sadaja titah poenika sanadjan alita pisan inggih gadah gina, gadah paédah; manawi gadah paédah sampoen tentoe inggih gadah djasa. Sarèhning koela pijambak sampoen ngroemaosi, bilih djasa waoe boten sami agengipoen, mila tampining wawales oegi boten neda sami katahipoen (waarde). Kadosta pétangan ing nginggil f 200 kalijan f 50 waoe! Kados-poendi jaji mede redacteur tjotjog poenapa boten? Sampoen awrat sisih lo panimbangipoen mindak ndjomplang.

* * *

Sapoenika wawasan koela bab ageng aliting pangkat kados sampoen tjekap samanten, kantoen bab poerwa woesananipoen comité ingkang perloe kedah koela saroewé. Ingkang sampoen toemindak manawi badé wonten kapreloean (ning toemrap ingkang ageng lo sadèrèk, sampoen ngantos klintoe tampi), para toekang comité dal-del damel rembag, ladjeng ngideraken lijst anggandjred, sakempaling arta tjékat-tjèket ngadani ingkang dados sedjanipoen; makaten poerwaning damel pantjèn kedah ingalembana. Doemoegi woesananing damel pet klapet tanpa sabawa, verantwoording n. i. h. i. l. Lo! ing ngriki koela boten pisan-pisan mastani tirah oetawi mbati, ning pantjèné gamblang-gamblangé rak poen sami oeroen waoe kaparingana priksa, dados tjeta. Ach ikoe ora preloe djalaran oeroenmoe moeng satitik, lan apa kowé ora ngandel marang liding comité, kang bajaré wis akèh ora dojan marang doewit bebatèn sing kaja mengkono ikoe.

Lo! saoedara sampoen goeroe-goeroe doeka mindak mangkirig koela, saweg padoeka pentelengi kémawon tigang daloe koela boten saged tilem kok, alias gila bengi, wewah-wewah pandjenengan doekani, manawi sawindoe koela boten saged angop.

Kawoeningana ta koela kantja alit poenika sanadjan oeroen sakedik, sampoen koela réntjangi paron-paron goeloe.

* * *

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

Petenging djagad kaboedidajan ing tanah Soematrah.

Nitik pawartos-pawartos ing dalem serat kabar, koela mangertos: lalawananing kaoem berah kalijan ingkang mberahaken ing tanah kaboedidajan Soematra, saja tebih, saja renggang. Koeli amedjahi pangagengipoen, poenika wonten ngrikoe kerep kalampahan!

Malah saking anderpatinipoen, pers petak amrajogèkaken soepados para poenggawa kaboedidajan bangsa Éropah, ing salebeting dines, samia ambekta sendjata: pistool, broneng, lss.

Sinten ingkang ngertos oemoeming watakipoen tetijang ngriki, temtoe goemoen manawi manah kawontenan ing kaboedidajan ngrikoe. Koela ngertos terang, bangsa ngriki poenika gampil rèh-rèhanipoen. Oeger saged ingkang ngrangkani, temtoe toetoet boten ngantos doemoegi semanten. Prakawis poenika, koela jakin sanget!

Dados: sanadjan wonten ing djagad kaboedidajan, tijang inggih kedah mawi ngèngeti wataking bangsa. Saja manawi ngèngeti koeli ngrikoe poenika ingkang katah-katah bangsa Djawi ingkang sampoen risak kasoesilanipoen, pangageng-pangageng onderneming malah kedah saged sanget angemong watek!

Watakipoen tijang ngriki, manawi sampoen kénging manahipoen, temtoe anggoesti saèstoe dateng bandara. Poenika njata! Bebasan dipoenengkoek-engkoeka, oeger sampoen tresna, temtoe poeroen!

Koela matoer makaten, boten ateges koela lila manawi bangsa koela dipoenengkoek-engkoek! Boten ateges: koela lega manawi bangsa koela dipoen-garokaken, kaloekokaken kados maésa kémawon! Boten ateges, koela boten mrinani manawi wonten ing djagad panggesangan bangsa koela rinengkoeh kados moedjangan. (réntjang toembasan).

Koela matoer makaten, namoeng loegoe njarijosaken kawontenan njata! Sageda ginatosaken ingkang toemitah wonten nginggil!

Mila, manawi *sinawang saking wateking bangsa,* kawontenan ing kaboedidajan tanah Soematra saèstoe anggoemoenaken, boten mangretosaken!

Oesoelipoen serat kabar petak waoe nawoeng pikadjeng ngreksa wiloedjenging badan. Nanging jèn kasatitèkaken alandesan *wataking bangsa,* saged sanget andrawasi! Jèn ginega, pikantoekipoen boten ngraketaken; nebihaken! saja ngrenggangaken! Djer ing ngrikoe manawi sinawang ladjeng ngemoe watek: nginggil kalijan ngandap sasatron! Mangka sagedipoen kaboedidajan moemboel, koeli kalijan bendara kedah abebrajan gendon-roekon, njamboet-damel sasarengan.

* * *

Serat kabar Katolik *Romen's Aankondiger,* kala 6 Maart anetah ambtenaar sarta kawoela Walandi ing Indonesia anggènipoen njoewijah toewin njepèlèkaken bangsa ngriki. Margi makaten waoe, nama lepatipoen Walandi pijambak manawi tetijang ngriki ladjeng sami oenjal-oenjalan. Saladjengipoen *Aankondiger* amarsitakaken soepados tetijang Walandi samia ngenggèni watak tresna mawi binoektèkaken. Manawi makaten Nederland toemrap Indija, ing béndjing ladjeng badé saged kados Sepanjol kalijan repoeblik-repoeblik ing Amerika Kidoel. „Liefde, oprechte liefde, gekenmerkt door grootmoedige daden, zal in de toekomende tijden de beslissing doen vallen of Nederland voor zijn kolonies blijven zal wat de Spanjaard is gebleven voor de Zuid-Amerikaansche republieken." makaten wawatonipoen *Aankondiger.*

Prakawis poenika pantjèn inggih njata!

Katresnan, boten wegah kétjalan, waton anggènipoen kétjalan waoe toemoesipoen mikantoeki ingkang tinresnan!

Katresnan, boten wegah amboetjal arta katah, waton pamboetjalipoen arta waoe toemandja andjoendjoeng dradjadipoen ingkang dipoentresnani!

Katresnan, boten éman amboetjal arta kanggé ngindakaken katahing sekolahan.

Katresnan boten owel amboetjal arta katah, kanggé ngawontenaken sekolahan-sekolahan inggil pinten-pinten, grija-grija sakit, lss.!

* * *

Para prijantoen! Wawasan koela ing nginggil bab boeteking kawontenan tanah kaboedidajan, poenika loegoe koela patitisaken awawaton wawatekaning bangsa!

Sarta, moegi warsitanipoen *Aankondiger* waoe, kalebeta ing manahipoen para *toewan besar!* Sampoen ngantos pangrengkoehipoen dateng koeli-koeli kados ngrengkoeh kéwan! Poenika sirikan ageng! Djer sanadjan botena abanda-abandoe, manawi kesangeten anggènipoen kasepèlèkaken, inggih saged andjerit! Kepèpètipoen saged ladjeng *waringoeten!* amoeta toeli!

Doemoegia ing Dèli pisan, tijang Djawi poenika taksih tetep rah Djawi! Tegesipoen: doemoegia ing djagad kontrakan pisan, watak Djawi taksih binekta!

Mila, kedah saged anggènipoen ngemong! Kedah angenggèni poenapa ingkang winarsitakaken *Aankondiger!* Kedah angloenggoehi papakeming katresnan.

Pandan Wangi 7 Mei 1929.
Taklim: *Patjar Mérah.*

Wasana moegi Redactie kaparenga matjak andaran koela poenika, sarta moegi kaparenga ngintoenaken Sw. T. ingkang isi seratan koela poenika, salembar, dateng komité karoekoenan. *)

Matoer noewoen!

Salam taklim:
TRIE-MA.

KABAR KATHOLIEK.

H. I. S. Canuisisstichting.

Kaseboet ing Bahagia: „sekolahan H. I. S. Canisius ingkang sapoenika njéwa wonten sekolahanipoen Zuster ing Tawang 1, sakedap malih badé pindah dateng Kobong, sangadjenging Kerkhof, Semarang.

Moeridipoen sampoen wonten 300, klasipoen saweg gangsal, voorklas satoenggal. Goeroenipoen nem. Ingkang gadah Hoofdacte wonten 2 sami bangsa Walandi, hulpacte 1, H.K.S. 1, Kw. S. 1, Frobel Kweekschool 1. Dados kawontenaning goeroe langkoeng saé tinimbang sekolahan Goepermèn, ingkang adatipoen kanggé pitoeng klas wonten goeroenipoen: Hoofdacte 1, Hulpacte 1, H. K. S. 1, Kw. S. 4. Sekolahan H. I. S. waoe sampoen angsal subsidie saking Negari."

St. Melania-werk voor Java.

Sad. L. Jadiran ngabaraken kados ing ngandap poenika:

Nalika tanggal 9 Mei 1929 Hoofdbestuur St. Melania-werk, kanggé saindenging tanah Djawi, ngawontenaken pakempalan taoenan wonten ing Ngajodja manggèn ing gedong K. S. B.

Ingkang andjenengi parepatan pandjenenganipoen Geest. Adv. Rama Koch; oetoesan saking Djokja, Solo, Madioen, Semarang toewin Magelang, sadaja wonten prijantoen 22, kakoengipoen 3. Déné ingkang persaben margi pambeng: Weltevreden, Poerworedjo, Djombang lan Soerabaja.

Kinten-kinten djam 10 éndjing parepatan kabikak mawi ngloehoeraken Asma Dalem.

Presidente mevr. Hoogvelt ngandaraken kabingahanipoen, déné sami amerlokaken ngrawoehi pakempalan poenapa malih atoer kasoegengan dateng sadaja ingkang andjenengi, miwah para tamoe.

Presidente ladjeng ngatoeri Secretaresse maos verslag, parepatan ingkang sampoen kapengker, lan oegi ladjeng kaabsahaken.

Ingkang maremaken sanget poenika verslag bab jatra, déné sadaja toedjoenipoen lan pandjaginipoen boten angoetjiwani. Menggah pokokipoen mligi kanggé ngoedi kaperloeanipoen bangsa Djawi, i. p. pamoelangan èstri Priboemi toewin kanggé moelasara tijang Priboemi ingkang saweg gadah anak. Tandangipoen St. Melania mempeng sanget jasa kabetahanipoen bab kalih warni poenika, boten ngétang rekaos lan sajah.

Rèhning para njonjah-njonjah (penningmeesteres tjabang toewin hoofdbestuur) kirang paham bab njepeng kasboek, pramila kabijantoe déning pandjenenganipoen toewan

*) Prajogi. RED.

CORRESPONDENTIE:

Para prijantoen ingkang paring soembangan karangan, kasoewoen sabar, menawi kagoenganipoen artikel boten toemoenten kapatjak. Sami sekedik, sadèrèk katah!

Red.

Katrangan saking Administratie:

No. 175 — sampoen samar! ndèrèk njoenjoewoen, moegi keng selira énggal dipoenparingi ledjar lan majar.
No. 369 — saja, toean!
No. 251 — prajogi.
No. 627 — saba tjelak seganten kémawon! laa, kedah mentas! Lèripoen kados wonten kedaton areng!
No. 393 Genah kjai Dw. ingkang klèdeng, teka meksa . . . . . ! Kelilan „nglèdeng" malih? Poetra kados bapakipoen?

Adm.

Pelapoeran Verificatie-commisie
Administratie Sw. T.

Ingkang tanda-tangan ing ngandap, koela tijang tiga, tinoeding wonten ing Congres P. K. W. 24 Febr. 1929, dados Panitya, tinanggenah notjogaken pelapoeranipoen Adm. Swara Tama, ngatoeri priksa, sampoen nindakaken tetanggelanipoen, sadaja pinanggih tjotjog.

J. Darmaatmadja.
B. Djajaindra.
F. Soerja Moersandi.

In plaats van kaartjes.

Ondertrouwd:

ENGELINE SOEHARMINAH

en

JUSTINUS DARGA.

Huwelijksvoltrekking 25 Mei 1929 des morgens in de R. K. kerk te Klaten.
Ontvangst der gasten Zaterdag-avond 25 Mei 1929 bij de bruid te Tegalkoempoel Brambanan.

Ngatoeri priksa kala tanggal 5 April 1929, koela kekalih kaparingan momongan èstri wiloedjeng. Koela namakaken:

„CRISTINA HARTATI"

Koela kekalih
TÉDJOSOEKISMO.

R. I. P.

Malem Ngahad, 11 Mei 1929, R. REDEMPTUS DOELKAHAR, moerid Normaalschool Moentilan, tinimbalan ing Hjang Maha-asih wonten ing Petronella Hospitaal Ngajodja, sasampoenipoen tampi Sakramèn-Sakramèn sangoening pedjah. Ingkang poenika para sadèrèk kasoewoen bélasembahjanganipoen.

J. van Baal
Rector
Xav. Coll. Moentilan.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30-8.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6-7-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7-9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7 30.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8 30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6-8 30	Tegal	7.30-9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7-9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30-8.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7 30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7 30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Soekaboemi	6-7.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

Dalderep, ingkang sampoen moempoeni prakawis boekhouding; djalaran saking poenika jatra St. Melania-werk tansah maremaken inggih theorie inggih practijk.

Pilihan bestuur énggal ingkang dados:

mevr. Hoogvelt (Semarang) pangarsa.
„ Hattink (Djokja) panitra.
„ Bergman (Semarang) pangroekti-arta.
„ Schmutzer (Gandjoeran) pambantoe.
„ Winotosastro (Wonogiri) pambantoe.
„ Hardjodiningrat (Djokja) pambantoe.
„ Matthee (Batavia) pambantoe.

Hr. Dalderep toewin Hr. Kloppenberg, toekang ngawat-awati panjepenging kasboek.

Pandjenenganipoen Geest. Adv. Rama Koch ngandika, bilih kawontenanipoen pamoelangan èstri priboemi ing tanah kita ngriki tansah kontit katimbang pamoelangan kanggé laré djaler. Mangka manawi kita nggagas ingkang lebet, menggah kamadjenganing èstri poenika perloe kaoedi, awit laré èstri poenika tembé wingking ngrembag satek-kliwering grija, angoebengaken angsal-angsal pakarjaning kakoeng, kanggé ndjagi kawiloedjenganing batih sabrajat ingkang dados tetanggelanipoen.

Pramila St. Melania-werk ngoedi bab kemadjenganing èstri poenika sampoen selajakipoen, nama boten klintoe. Awit samangsa djoeroe ngrembag pradja sesémahan kénging kapitados panjepengipoen, ing tembé wingking mesti saged adamel redjaning tijang sagrija. Éman-éman sanget manawi ing djagad kita ngantos pinanggih iboe Katholiek, ingkang boten djangkep kawroehipoen bab pawèstri njepeng sampoernaning balé-grijanipoen pijambak. Djalaran poenika pamoelangan èstri priboemi ing ngriki perloe sanget.

Menggah kawontenanipoen pamoelangan Canisius lan Melanja ing Solo sampoen gijak-gijak nama maremaken; pamoelangan èstri angsal bantoe moerid saking pamoelangan ingkang moeridipoen tjampoeran.

Wondéné ing wekdal sapoenika St. Melania-Werk sampoen anggadahi pamoelangan 8 idji, semanten poenika ingkang 5 dèrèng angsal soebsidi. Wiwit ing wekdal poenika St. Melania badé amboedi daja soepados sadaja pamoelangan èstri Priboemi ingkang kanggé kaperloeaning oemoem, sageda angsal pitoeloenganing Kangdjeng Goepermèn.

Menggah kawontenanipoen kliniek kanggé babaran (kraamverpléging-kliniek) oegi sampoen ketingal saé. Ing Solo sampoen kawontenaken lan oegi sampoen ngedalaken woh ingkang maremaken. Namoeng kliniek ing Meestercorlenis ingkang radi kendo; tetijang Pribboemi katah ingkang dèrèng mangertos maksoedipoen kliniek waoe.

Sarèhning pandjenenganipoen Zr. Fischer, pangagenging kraamverpleging ing Ngajodja, badé verlof dateng negari Welandi, bab sadaja padamelan badé kapasrahaken dateng juffr. Rakinah kabantoe sdr. vroedvrouw saking Solo satoenggal.

Pakempalan matoer noewoen sanget dateng pandjenenganipoen Zr. Fischer, déné sampoen andanakaken saliranipoen kanggé kabetahaning St. Melania-Werk, poenapa malih memoedji soegenga tindakipoen dateng negari Walandi, lan oegi sakondoeripoen wangsoel malih angedjawi.

Bab loemadosing serat-serat katoer Kangdjeng Goepermèn roemijin Canisius ingkang njekapaken betahing St. Melania-Werk, sapoenika st. Melania gentos njagahi prakawis nginggil.

Tjabang Poerworedjo njoewoen dateng hoofdbestuur, soepados boten 50%, nanging 25% oeroening contributie woelanan, awit ingkang 25% kanggé njekapi kabetahaning tjabang, minangka mitoeloengi laré sekolah ingkang sèkèng. Bestuur marengaken.

Hoofdbestuur badé damel boekoe pangènget-ènget, ingkang isi sadaja jejasaning St. Melania-Werk toewin boekoe poenika badé kadanakaken dateng para lid sadaja.

Wasana kinten-kinten djam 2 sijang pakempalan katoetoep sarana ngloeraken Goesti Jésoes.

KABAR OEMOEM.

Indonesia.

Dipoenpotjot saking pandamelan.

Djoeroe serat Afdeelings Bank ing Pekalongan atas dawoehipoen ingkang Boepati, kakèndelan saking pandamelanipoen, margi dados warganing P. N. I. Kalih minggoe sadèrèngipoen kakèndelan, sampoen kaèngetaken boten kénging dados warganing pakempalan waoe.

Wawakiling Paréntah wonten ing Raad Kawoela kala parepatan ing taoen kapengker, sampoen naté kawedal temboengipoen asoeraos: 1e. Paréntah rena kémawon dateng pakempalan kabangsan ingkang boten ambabajani oetawi angrisak tatarahardja. 2e. Pakempalan ingkang boten ambabajani waoe, kedah boten angsal ganggoe-dameling poelisi. 3e. Sadaja ambtenaar kapareng dados warganing pakempalan ingkang makaten poenika.

Pangandikanipoen wakiling Paréntah waoe, ing basa Walandi makaten djangkepipoen: „De Regeering staat welwillend tegenover iedere nationalistische vereeniging, waarvan de openbare en huishoudelijke werkzaamheden, duidelijk en geheel binnen de door Haar gestelde grenzen van rust en orde blijven. Zij wenscht dat vereenigingen welke aan deze voorwaarden behoorlijk voldoen, van de zijde der politie geen bijzondere inmenging of controle ondervinden. Ieder ambtenaar kan van zoodanige vereenigingen lid zijn."

Kawontenan ing onderneming saja awon.

De Courant saged martosaken bilih kawontenan ing kaboedidajan-kaboedidajan Atjèh saja awon. Katah koeli anglawan pangageng. Mandar wonten ingkang ladjeng damel demonstratie amengsah poenale sanctie. Padjagèn patrouile adjeg wonten. Ngantos kala tanggal 8 April dipoenwonteni pakempalanipoen permanente arbeidscommissie mligi kanggé ngrembag kawontenan-kawontenan ing onderneming Atjèh. Nanging poenapa ingkang karembag kala samanten boten wonten ingkang soemerep. Arbeidsinspectie kawertosaken langkoeng mempeng anggènipoen nindakaken papriksan. Kados ingkang sami kasoemerepan, salebetipoen nem woelan pepedjah ingkang margi panganiajanipoen koeli, saja santer. Nanging prakawis poenika boten andadosaken sabab déné papriksan wonten onderneming saja kentjeng.

Ladjeng..... *Deli Courant* njolangaken bilih ing onderneming Kotari wonten koeli 16 dipoentjepeng, sadaja waoe dados pakempalan kabangsan Djawi ingkang toedjoenipoen sakawit toembas kapoerantosing toekang tjoekoer, oetawi kénging katjekak ambarbier.

Kawoesananipoen djeboel, arta kontribisining pakempalan waoe mbéndjing tanggal 1 Mei 1930 badé kaanggé ngraman, andjalari para koeli kontrak ladjeng mardika.

Ing poendi-poendi satanah Pasisir Wétan kininten wonten actie ingkang makaten poenika.

(Mireng kawontenan makaten poenika gagasan koela warni kalih: 1e. Poenapa inggih ladjeng leres panjakrabawanipoen pers petak bilih para terpeladjar ingkang mlebet koeli kontrak poenika anggadahi pikadjeng ngiras propaganda mérah?? 2e. Miwaha dinten 1 Mei poenika tjaranipoen kaoem mérah. Ladjeng.... pakempalan barbier waoe, anggènipoen badé damel ontran-ontran kok doemawah tanggal 1 Mei. Poenapa poenika boten kénging *dipoen-gagapi* jèn pakempalan waoe pantjèn dados totopèngipoen para remen damel gendra? Inggih para sakabatipoen wali Roeslan??)

Ir. Baars dados Arja Balik.

Serat kakantjingan tanggal 8 Mei 1921 angawisi Ir. Baars ngantjik siti laladan Indonesia. Nanging awisan waoe sapoenika sampoen katjaboet, margi Ir. Baars nglampahaken rekès neda kaparenga ngantjik tanah ngriki malih. (Ir. Baars poenika anggènipoen roemijin boten angsal manggèn wonten ngriki, margi anggadahi haloean kominis, ateges anglawan Paréntah Hindija. Sapoenika kaparengaken wangsoel mriki!) Sok makatena dados Paréntah anganggep (temtoenipoen kanti wawaton) bilih prijantoen waoe sampoen boten mbabajani; sampoen santoen haloean, oetawi inggih kénging katemboengaken sampoen ambalik, alijas Arja Balik.

Pakartipoen Paréntah angapoenten tijang ingkang tjara sawoengipoen sampoen kéjok, ingkang sampoen kapok, poenika pantes dados pangalembana.

Margi ingkang makaten waoe, koela anggadahi pangadjeng-adjeng: „Jèn tetijang bangsa koela ingkang kakéndangakenen saking noeswa Djawi lss. Karana politiek, sampoen ngatingalaken kapokipoen, Paréntah temtoe inggih badé ngagem tindak adil angapoenten tetijang waoe boten béda kalijan anggènipoen sapoenika sampoen angapoenten Ir. Baars. Poenapa boten makaten??